NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 3 Issue 8

# KLARNET SAZ ÁSBABINIŃ ÓZGESHELÍKLERÍ

**Aliaskarov Temur Dauranbekovich**
Ózbekstan mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrası
"Demli hám urma sazlar" qánigeligi 3-kurs studenti.
temuraliaskarov@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.21930780

***Annotaciya***. *Bul maqala klarnet saz ásbabınıń úplep shertiletuǵın saz ásbapları shańaraǵındaǵı* ornı, *rawajlanıw tariyxı, texnikalıq hám atqarıwshılıq ózgesheliklerin úyrenedi.*

*Maqalada klarnet atqarıwınıń anatomiyalıq-fiziologiyalıq tiykarları, úplep shertiw texnikası, applikatura, artikulyaciya, dinamikalıq hám tembr imkaniyatları analiz etiledi.*

*Sonday-aq, klarnet atqarıwshılıǵınıń tariyxı, onıń orkestr hám ansambl quramındaǵı roli, repertuar ózgeshelikleri hám zamanagóy klarnet atqarıwshılıǵınıń tendenciyaları hám rawajlanıw perspektivaları izertlenedi. Maqalada klarnet atqarıwındaǵı túrli mektepler, olardıń ózine tán dástúrleri, atqarıw usılları hám pedagogikalıq jantasıwları da kórip shıǵıladı.*

***Gilt sózler:*** *klarnet, aǵash demli saz ásbaplar, klarnet atqarıwshılıǵı, applikatura, ambushura, artikulyaciya, klarnet mektepleri, klarnet repertuarı, klarnet texnikası, sazlaw, úplep shertiw usılları, kamerton.*

***Аннотация***. *В данной статье рассматривается роль кларнета в семействе духовых инструментов, история его развития, а также его технические и исполнительские особенности. В статье анализируются анатомо-физиологические основы исполнения кларнета, техника игры на духовом инструменте, аппликация, артикуляция, динамические и тембровые возможности. Также будут изучены история кларнетного исполнительства, его роль в составе оркестра и ансамбля, особенности репертуара, а также тенденции и перспективы развития современного кларнетного исполнительства. В статье также рассматриваются различные школы исполнения кларнета, их уникальные традиции, методы исполнения и педагогические подходы.*

***Ключевые слова:*** *кларнет, деревянные духовые инструменты, кларнетное исполнительство, аппликатура, амбушюра, артикуляция, школы кларнета, кларнетный репертуар, техника кларнета, настройка, духовое исполнение, камертон.*

***Annotation***. *This article examines the role of the clarinet in the family of wind instruments, its history of development, and its technical and performance characteristics. The article analyzes the anatomical and physiological foundations of clarinet performance, including wind technique, appliqué, articulation, and dynamic and timbral possibilities. Furthermore, the history of clarinet performance, its role within orchestras and ensembles, its repertoire characteristics, and the trends and development prospects of contemporary clarinet performance will be studied. The article also examines various schools of clarinet performance, their unique traditions, performance methods, and pedagogical approaches.*

***Keywords***: *clarinet, woodwind instruments, clarinet performance, applicature, ambush, articulation, clarinet schools, clarinet repertoire, clarinet technique, tuning, wind instruments, tuning fork.*

Klarnet (italyan tilinde "clarinetto" – "kishi karnay") aǵash-demli saz ásbapları shańaraǵına tiyisli bolıp, óziniń bay tembri, keń diapazonı hám texnikalıq imkaniyatları menen klassikalıq, jaz, xalıq muzıka janrlarında keń qollanıladı.

Klarnet XVIII ásirde oylap tabılǵan bolsa da, qısqa waqıt ishinde orkestr hám kamer ansambllerinde áhmiyetli orın iyeledi hám de solo saz ásbabı sıpatında da belgili boldı.

Klarnet atqarıwshılıǵı ózine tán texnikalıq qıyınshılıqlarına iye bolıp, bul ásbapta professional dárejede shertiw ushın atqarıwshıdan arnawlı sheberlik, úplep shertiw texnikasın puqta iyelew, barmaqlar texnikası hám artikulyaciya ústinde tınımsız islew talap etiledi. Sonıń menen birge, klarnet atqarıwshılıǵı óziniń bay tariyxı, dástúrleri hám mektepleri menen ayrıqsha orın tutadı.

Klarnettiń payda boliwi hám dáslepki rawajlanıw dáwirine itibar qaratatuǵın bolsaq, ol XVIII ásirdiń baslarında Germaniyada oylap tabılǵan. 1700-jıllarda Iogann Kristof Denner (1655-1707) chalubmo (chalumeau) saz ásbabın jetilistiriw barısında klarneto (clarinetto) saz ásbabın jaratqan. Dáslepki klarnetler eki klapanlı bolıp, diapazonı sheklengen edi. XVIII ásir dawamında klarnet dúzilisi jetilisip bardı, klapanlar sanı kóbeydi hám saz imkaniyatları arttı.

XIX ásirdiń birinshi yarımında Ivanes Myuller (1786-1854) 13 klapanlı klarnet sistemasın jarattı, bul sistema "nemis sisteması" dep ataladı. 1839-1843-jılları parijlı ustalar Hyacinth Klose hám Lui-Ogust Buffet Byome sistemasına tiykarlanǵan jańa klarnet dúzilisin usındı. Bul sistema "francuz sisteması" yamasa "Bome sisteması" dep atalıp, házirgi kúnde eń keń tarqalǵan sistema esaplanadı.

XX ásirde klarnet dúzilisinde áhmiyetli ózgerisler bolmadı, bıraq materiallar sıpatı, klapanlar mexanizmi hám ergonomik tárepleri jetilistirildi. Házirgi kúndegi zamanagóy klarnetler tiykarınan aǵash (ásirese, qara terek aǵashı) hám plastikten islenedi.

Zamanagóy klarnet tómendegi tiykarǵi bólimlerden ibarat:

1. Mundshtuk (mouthpiece) "til" dep ataladı, klarnetshiniń erinine tiyip turatuǵın hám terbelisti payda etetuǵın bólim.

2. Tirsek (barrel) - munshtukti klarnet denesi menen baylanıstırıwshı bólim.

3. Joqarǵı bólim (upper joint) klarnettiń joqarǵı denesi, kóp klapanlar jaylasqan bólim.

4. Tómengi bólim (lower joint) - klarnettiń tómengi denesi.

5. Karnay (bell) sesti tolıq shıǵarıw ushın xizmet etetuǵın keńeytilgen.

Klarnette ses terbeliw payda etetuǵın bir til (yamasa planka) bar bolıp, ol munshtukqa ornatıladı. Til ádette qamıstan islenedi.

Klarnet shańaraǵi bir neshe túrlerden ibarat:

1. Piccolo klarnet (klarnet in E) - eń kishi hám eń bálent dawıslı klarnet.

2. Klarnet in B - eń keń tarqalǵan túri, simfoniyalıq orkestr hám jaz ansambllerinde qollanıladı.

3. Klarnet in A – in B klarnetten yarım ton tómende sazlanǵan, simfoniyalıq orkestrlerde in B klarnet penen birgelikte qollanıladı.

4. Alto klarnet (E-tegis alto klarnet) - B-tegis klarnetten kvinta tómende sazladı.

5. Bas klarnet – in B klarnetten oktava tómende sazlanadı.

6. Kontrabas klarnet - bas klarnetten oktava tómende sazlanadı.

Simfoniyalıq orkestrde tiykarınan in B hám in A klarnetleri, geyde in E hám bas klarnetleri qollanıladı. Jaz hám estrada muzıkasında tiykarınan in B klarnet qollanıladı.

Klarnet atqarıwınıń fiziologiya-texnikalıq tiykarlarına itibar qaratatuǵın bolsaq, atqarıwshınıń erinleri hám awız boslıǵı menen munshtukqa tásir etiwiniń kompleksi "ambushura" dep ataladı.

Dem alıw texnikası. Klarnette tuwrı dem alıw hám onı basqarıw atqarıwshınıń áhmiyetli tárepi esaplanadı. Atqarıwshılarda tiykarınan diafragmal-qabırǵa dem alıw usılı qollanıladı. Dem alıw processinde tómendegi tiykarǵi talaplar bar:

Tez hám tereń dem alıw;

Demdi bir tegis hám qadaǵalanǵan halda shıǵarıw;

Dem alıw waqtında dene jaǵdayın ózgertpew;

Fraza dúzilisine qarap dem alıw orınların durıs tańlaw.

Klarnette sesler klapanlar járdeminde payda etiledi. Klarnet applikaciyası jeterli dárejede quramalı bolıp, hár qıylı registrlerde hár qıylı barmaqlar kombinaciyasın talap etedi. Klarnet applikaciyasınıń tiykarǵı principleri tómendegilerden ibarat, shep qol joqarı bólimde, oń qol tómengi bólimde jaylasadı. Shep qoldıń bas barmaǵı menen arqa tesik jabıladı. Qalǵan barmaqlar klapanlardı basadı. Klarnette artikulyaciya tildiń háreketi menen baylanıslı. Tiykarǵi artikulyaciya túrleri:

Detache (detaché) - hárbir nota anıq hám óz aldına atqarıladı;

Legato notalar bir-birine baylanısqan halda, til qatnasıwısız atqarıladı;

Stakatto (staccato) - notalar qısqa hám keskin orınlanadı;

Portato notalar arasında kishi pauza menen, bıraq keskin emes orınlanadı.

Bunnan tısqarı, klarnette double staccato, frullato hám basqa arnawlı artikulyaciya usıllarınan da paydalanıladı. Dinamikalıq imkaniyatlarına qaraytuǵın bolsaq, klarnet keń dinamikalıq diapazonǵa iye pianissimodan (pp) fortissimaǵa shekem (ff). Dinamikanı basqarıw dem alıw kúshi, ambushura basımı hám terbelis maydanı kombinaciyası menen ámelge asırıladı.

Klarnet atqarıwında mektepler hám dástúrler bar bolıp, olar francuz, nemis-avstriya, italyan, amerika hám rus mektepleri.

Francuz klarnet mektebi názik tembr, iyiliwsheń ses hám texnikalıq virtuozlıqqa erisiwge ayrıqsha itibar qaratadı. Bul mektep wákillerinen Hyacinth Klose, Henri Selmer, Jacques Lancelot, Guy Deplus, Michel Arrignon hám Paul Meyer sıyaqlılar belgili. Francuz mektebiniń tiykarǵı ózgeshelikleri: ses reńiniń jarqınlıǵı hám nározikligi, vibratonıń ortasha qollanılıwı, texnikalıq virtuozlıqqa umtılıw, intonatsiya tazalıǵına ayrıqsha itibar beredi.

Nemis-Avstriya mektebi tolıq hám bayıtılǵan ses, dramalıq ekspressivlik hám kúshli texnikaǵa itibar qaratadı. Bul mekteptiń belgili wákilleri Richard Muhlfeld, Genrix Baermann, Karl Leister, Sabine Meyer hám basqalar. Bul mekteptiń tiykarǵı ózgeshelikleri: sestiń tolıqlıǵı hám tereńligi, vibratonıń kemirek qollanılıwı bildiriwshi frazalaw hám dinamikalıq kontrastlar menen ayrılıp turadı.

Juwmaqlap aytqanda, klarnet úplep shertiletuǵın saz ásbapları shańaraǵınıń eń áhmiyetli hám keń tarqalǵan aǵzalarınan biri esaplanadı. Onıń bay tariyxı, rawajlanǵan texnikalıq imkaniyatları hám keń diapazon shegaraları onı simfoniyalıq orkestr, kamer ansamblleri, solo atqarıwshılıq, djaz hám xalıq muzıkasında qádirli ásbap sıpatında orın alıwına imkan beredi.

Zamanagóy dáwirde klarnet atqarıwshılıǵı jańa texnikalar, jantasıwlar hám janrlar menen bayıtılıp barmaqta. Bul bolsa klarnettiń keleshekte de áhmiyetli hám talap etilgen saz sıpatında óz ornın saqlap qalıwına kepillik beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Анацкий В. Духовное вибрато // Вопросы музыкального исполнительства и педагогики. Киев, 1979

2. Диков Б., Седракин А. О штрихах духовых инструментов // Методика обучения игре на духовых инструментах. Москва: Музыка, 1966. Вып. Страницы 48-81
3. Варелас С. Курс чтения партитуры. Ташкент, 1974.
4. Мирзакиров М. Исполнение на духовых и ударных инструментах. Ташкент, 2024
5. F.G. Nurullayev, Firdavs To'xtayev - musiqiy tovushlarning xususiyatlari va tendensiyalari. Journal of science-innovative research in Uzbekistan, 2024/12/1, Tom-2,12, 8-15 betlar.